मैथिली (प्रतिष्ठा)
बी०ए० (H) पार्ट-I
पेपर - I

डॉ० बसंत कुमार
अतिथिशिक्षक
दिनांक 07-04

दिनांक 06-07-2020 क शेष

प्रकरण - विद्यापति

मुदा एतेक धरि निश्चित जे हिनक निश्चित तिथि बिन्दु निर्धारित करबा लेल कोनो ऐतिहासिक साक्ष्य उपलब्ध नहि अछि। जाहि सुबक तिथि 1406 ई० मानल जाइत अछि तकरा डॉ० उपेन्द्र ठाकुर 1415 ई० अथवा 1416 ई० मानैत छथि। जकर प्रमाण डॉ० सुभद्र झा द्वारा नेपाल दरबार पुस्तकालयक ब्राह्मण सर्वस्व प्रतिलिपिसँ भ' जाइत अछि। डॉ० सुभद्र झा महाकविक अवसानक तिथि 1548 ई० मानैत छथि। डॉ० उपेन्द्र ठाकुर शिवसिंहक सिंहासनासीनक समय 1402 ई० नाहि अपितु 1410 ई० मानैत छथि।

एहि समस्त अन्तर्साक्ष्य तथा अनुश्रुतिक आधार पर महाकवि विद्यापतिक काल चौदहम शताब्दीक मध्य मानब ऐतिहासिक होएत। तिथि बिन्दुमे 1360 ई० सँ 1460 ई० धरि मानब समीचीन होयत।

हिनक पूर्वज लोकनि विद्वान पण्डित आओर राज्यक महत्वपूर्ण पदाधिकारी होइत अबैत छलाह, एहि कारणेँ हिनक प्रारम्भिक शिक्षा पिता-पुत्रक, गुरु-शिष्यक प्राचीन परम्पराक